



Sa Ou Fèt Pou Ou Konnen Sou Loupous

Lupus: Yon maladi nan sistèm iminitè moun ki kwonik. Systemic lupus erythematosus (ke yo rekonèt sou non SLE oubyen lupus) se yon twoub nan sistèm iminitè yon moun ki fé pwòp kò l vin anfle, kidonk sistèm ki pwoteje kò l lan atake ni tisi ni ògann ki ansante yo.

Plis pase 1.5 milyon Ameriken gen loupous, epoutan pami tout kokenn chenn maladi ki genyen nan peyi isit, se yonn nan maladi moun pi pa tandè pale de li.

Loupous pi kouran pase paralezi serebral, parelezi nan sistèm né yo, anemi falsifòm, ak maladi moun gen depi lé yo fèt ki lakòz poumon yo bloke epi ki devlope lòt pwoblèm nan pankreyas yo.

Li difisil pou dokté dyagnostike loupous. Anpil nan sentòm loupous yo sanble tèt koupe ak sentòm anpil lòt maladi bay. Maladi a ka sipòtab tankou tou li ka tiye moun ki genyen l lan, men lé yo dyagnostike l boné epi lé moun nan al nan tretman, sa ka ede kontwole sentòm yo epi li ka anpeche ògan moun lan domaje.

Loupous pa enfeksyon, li pa kansé epi li pa kontamine lòt moun. Menm lé yo pa konnen egzakteman sa k fé moun genyen l, yo kwè loupous se rezilta yon konbinezon jenetik (fanmi ou), polisyon nan lè a ak òmonn.

Katrevendis pousan moun ki gen loupous se fanm e pi fò nan yo devlope maladi sa a ant laj 15 zan jiska 44 ran.

Se sitou fanm nwa, Panyòl, moun ki sot ann Azi ak fanm Endyen Ameriken ki gen **Loupous epi maladi a gen tandans pou l pi grav lakay yo.**

Menmsi poko gen gerizon pou li, rechèch yap mennen yo bay bon jan lespwa. Fòk gen plis rechèch ki fèt pou dekouvri tretman tou néf pou moun ki gen loupous ka geri.

Sentòm Loupous Yo

Se kék nan sentòm ki ekri pi devan yo sélman pi fò moun ki gen loupous konn genyen, epi sentòm yo pa rete nét, yo fé alevini. Dòdinè sentòm sa yo kòmanse tankou grip (doulè, lafyè, fatig). Ka gen gratèl sou po kò moun nan tou. Gen konplikasyon ki pi grav ki konn vin devlope si maladi a anpire, li ka afekte kè, poumon, ren, sèvo ak san moun nan tou.

- Doulè nan jwenti
- Anflamasyon ak doulè nan jwenti
- Lafyè ki monte plis pase 100 degre moun pa ka konprann
- Fatig ki dire epi ki di anpil
- Gratèl sou po kò
- Cheve nan tèt moun lan ap tonbe
- Ilsè nan bouch ak nen
- Gratèl ki gen fòm papiyon ki layite depi anbaje jis nan fant nen moun nan
- Doulè nan lestomak ak etoufman
- Moun nan pa kapab rete nan solèy
- Anflamasyon nan cheviy yo
- Dwèt moun nan vin tou blan oswa ble lè fè frèt
- Kriz

Ou pa bezwen pé. Men pa pèdi tan nonplis.

Pa gen de ka loupous ki menm jan. Si ou pa santi ou jan ou konn abitye santi ou la, epi si ou genyen yonn nan sentòm sa yo, al kay doktè ou oubyen rele fondasyon S.L.E Lupus.

Pwoteje tèt ou. Chèche plis enfòmasyon sou loupous.



330 Setyèm Avni, Swit 1701 Nouyòk, Nouyòk 10001

1-800.74.LUPUS (58787)

www.LupusNY.org
